**दिन—सोमवार** **दिनांक—08.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

---

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आइ गया मे पार्टी प्रत्याशी कुमार सर्वजीतक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। ओ जनौलनि जे केन्द्र सरकारक नितिक कारण आइ देशभरि मे बेरोजगारी आओर मंहगी बढ़ि रहल अछि। श्री यादव जनौलनि जे जखन हुनक पार्टी राज्य मे सत्ता मे छल, तखन मात्र सतरह मास मे पांच लाख लोक सभ के सरकारी नोकरी देल गेल। ओ दावा कयलनि जे इंडि गठबंधन पहिल चरणक सभ चारू सीट जीतत। रैली के विकासशील इंसान पार्टीक अध्यक्ष मुकेश सहनी सहित आनो—आन नेता सभ सेहो संबोधित कयलनि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आब दस अप्रैल कऽ बिहार अयताह। पहिने ओ काल्हि बिहार आबयवला छलाह। श्री शाह औरंगाबाद मे पार्टी प्रत्याशी सुशील कुमार सिंह कँ समर्थन मे एक चुनावी सभा के संबोधित करताह। चुनाव घोषणाक बाद श्री शाहक ई बिहारक पहिल दौरा होयत।

---

भाकपा माले लोकसभा चुनाव लेल अपन घोषणा—पत्र जारि कऽ देलक अछि। पार्टी महासचिव दीपंकर भट्टाचार्य आइ पटना मे घोषण—पत्र जारि कयलनि। एहि मे बाईस बिंदू अछि, जाहिमे रोजगार, पोषण आओर स्वास्थ्य जेहेन विषय लेल गेल अछि।

---

लोकसभा चुनावक दूसर चरण लेल नाम वापसिक समय—सीमा आइ समाप्त भऽ गेल। एहि चरण मे पांच लोकसभा क्षेत्र— कटिहार, पूर्णिया, भागलपुर, बांका आओर किशनगंज मे छबीस अप्रील कऽ भोट खसाओल जायत।

---

जदयूक वरिष्ठ नेता आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जनौलनि अछि जे हुनक कार्यकालक बिच बिहार मे विकासक काज बढ़िया भेल। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपसप मे श्री कुमार जनौलनि जे ओ अपन काजक प्रचार–प्रसार अपने नहि करैत छथि। राज्यक जनता सभ हुनक काजक प्रचार–प्रसार करैत छथि। ओ जनौलनि जे बिहार मे हुनक सरकार अयलाक बाद चहुँ दिस शांति अछि। एहि बिच, राजदक वरिष्ठ नेता आओर राज्यसभा सांसद मनोज झा जनौलनि जे जौं पंद्रह वर्ष पहिने लालू प्रसाद नहि होयतथि तऽ नीतीश कुमार मुख्यमंत्री नहि बनितथि। ओ जनौलनि जे **अब कि बार चारि सय पार** नारा एन.डी.एक एक टा पुरान मिथ्या अछि।

———————————————————

राष्ट्रीय शैक्षिक अनुसंधान आओर प्रशिक्षण परिषद– एन.सी.ई.आर.टी अपन शैक्षिणिक समाग्रीक कॉपी राईट उल्लंघन मामिला मे चेतावनी देलक अछि। चेतावनी मे जनाओल गेल अछि जे जौं कोनो व्यक्ति आकि संस्था कॉपी राईट जनतबक बिना एन.सी.ई.आर.टी पाठ्य पुस्तकक सामग्रीक व्यवशायिक काज लेल प्रकाशन करैत अछि तऽ हुनका सभक खिलाफ कानूनी कार्रवाई कयल जायत।

———————————————————

कांग्रेस, भारतीय जनता पार्टी पर देश कें धर्मिक आधार पर बंटबाक अरोप लगौलक अछि। कांग्रेस प्रवक्ता सुप्रिया श्रीनेत आइ नव दिल्ली मे संवाददता सभ सँ गपसप करैत जनौलनि जे भाजपा चुनावक काल अपन दस वर्षक शासनक रिपोर्ट कार्ड देखेबाक बदला मे आनो–आन समुदायक बिच दररि डालि रहल अछि। ओ प्रधानमंत्री आओर वरिष्ठ भाजपा नेता नरेन्द्र मोदीक ओहि बयानक निंदा कयलनि जाहि मे ओ कांग्रेस के चुनावी घोषणा– पत्र पर मुस्लिम लिगक छाप होयबाक आरोप लगौने छलाह। एहि बिच, भाजपा अध्यक्ष जी.पी नड्डा सेहो जनौलनि जे ई स्पष्ट नहि अछि जे कांग्रेसक घोषणा पत्र अछि आकि मुस्लिम लिगक।

———————————————————

खगड़िया जिलाक अलौली विधानसभा क्षेत्र सँ राजदक पूर्व विधायक चंदन कुमार आइ जदयू मे शामिल भऽ गेलाह। पटना मे आयोजित मिलन समारोह मे जदयूक वरिष्ठ नेता विजय कुमार चौधरी आओर प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा हुनका पार्टीक प्राथमिक सदस्यता दिऔलनि।

———————————————————

मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बिच सुपौल, अररिया, किशनगंज, मधेपुरा, सहरसा, पुर्णिया, कटिहार, भागलपुर, बांका, जुमई, मुंगेर आओर खगड़िया जिला मे एक दू ठाम हल्लूक बारिश भऽ सकैत अछि। एहि बिच, ई सभ जिला मे अन्हर–बिहारि सेहो चलि सकैत अछि। ओतहि, राज्यक आनो–आन क्षेत्र मे मौसम शुष्क बनल रहत। विभाग जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बिच अधिकतम तापमान दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस कम भऽ सकैत अछि। ओकर बाद, चारि दिनक बिच अधिकतम तापमान दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरि बढ़ि सकैत अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक बिच चालीस दशमलव एक डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग बक्सर राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल।

———————————————————

बिहार एस.टी.एफ आओर बेगूसरायक पुलिस टीम संयुक्त कर्रावाई कऽ कऽ दिल्ली सँ नामि–गामि अपराधी नागमणी महतो के गिरफ्तार कयलक अछि। पुलिस हुनका पर तीन लाख टाकक इनाम घोषित कयने छल।

———————————————————

अररिया जिलाक फारबिसगंज थानाक पुलिस बाबन हजार पांच सय प्रतिबंधित लॉटरिक संग एक आरोपी के गिरफ्तार कयलक अछि। ओतहि, जिलाक फारक–फारक थाना क्षेत्र मे पुलिस अभियान चला कऽ सताईस अभियुक्त के गिरफ्तार कयलक अछि। हुनका सभक लग सँ भारि मात्रा मे शराब सेहो बरामद कयल गेल अछि।

———————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।